

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Majuna téhnologi informasi téh mawa pangaruh anu gedé kana sagala rupa widang kahirupan. Kitu deui kana widang atikan anu beuki dieu beuki ngamangpaatkeun rupa-rupa téhnologi dina prungna proses diajar ngajar. Komo ku ayana kawijakan diajar paanggang atawa nu katelah PJJ (Pembelajaran Jarak Jauh) dina mangsa sasalad Covid – 19, balukarna kondisi diajar jadi bédha jeung biasana. Guru jeung murid dipaksa kudu ngalibetkeun pakakas téhnologi jeung informasi dina lumangsungna proses KBM. Rupaning téhnologi anu gampang diaksés saperti *smartphone*, *tablet* jeung komputer anu boga aksés internet dianggap bakal leuwih gampang dina néangan sumber atawa bahan ajar anu leuwih loba jeung rinéka.

Ngajaulna kamajuan téhnologi di widang atikan hususna nu patali langsung jeung proses KBM, tééla teu sageblengna bisa ngandelkeun pakakas téhnologi. Dina hal-hal nu tangtu mah média konvensional saperti média cetak atawa buku cetak téh diperlukeun kénéh. Samalah di sakuliah dunya can kapaluruh aya nagara anu ninggalkeun buku dina prosés pangajaran. Buku miboga sababaraha kaunggulan nu teu bisa digantikeun sageblengna ku média éléktronik. Kitu deui jeung buku pelajaran nu masih digunakeun kénéh boh ku murid dina kagiatan diajar boh ku guru dina kagiatan ngajar (Sitepu, 2015 kc 2).

Buku pelajaran miboga harti nu sarua jeung buku téks atawa *textbook* (Echols & Shadily, 2006:584). Buku téks nyaéta buku pangajaran pikeun hiji widang studi anu standar sarta disusun ku para ahli dina widangna, pikeun ngahontal program jeung tujuan pangajaran, anu dilengkepan ku rupa-rupa sarana pangajaran kyaning latihan jeung pancén, gampang kaharti ku anu marakéna (para murid), boh di sakola-sakola boh di paguron luhur (Haerudin, 2019 kc 2).

Pakaitna pangajaran jeung buku téks téh lir dua sisi dina duit. Duanana nu silih lengkepan. Prosés pangajaran éfektif saupama dilengkepan ku sarana, saperti buku téks. Kitu deui buku téks moal kapaké lamun euweuh proses pangajaran. Buku téks mangrupa bagian anu penting dina prosés pangajaran lantaran jadi dadasar atawa acuan dina nepikeun matéri pangajaran. Najan dina buku téks teu

sagembelengna nyangkaruk sumber pangajaran anu lengkep jeung teleb, peran buku téks tetep penting dina proses diajar-ngajar (Gunantar, 2017:173). Buku téks bisa nyababkeun murid jadi gampang diajarna, ngarojong jeung ngadeudeul prosés pangajaran sangkan bisa ngawujudkeun hasil anu luyu jeung rarancang pelaksanaan pembelajaran (Apriliana, 2017:706).

Pentingna buku teks dina proses pangajaran ogé diébréhkeun ku Loveridge. Inyana ngébréhkeun yén pangajaran di jero kelas gumantung kana buku téks, saupamana guru teu nyumponan sarat anu bener, mangka buku téks mangrupa patokan jeung pangrojong proses KBM. Keur murid mah buku téks téh salaku dasar pikeun diajar nu sistematis, pangajeg, malikan deui hasil pelajaran jeung pikeun pelajaran saterusna (Muslich, 2010 kc 56).

Salaku salah sahiji sumber diajar, buku téks boga kaunggulan jeung kahéngkeran. Salah sahiji kahéngkérana tina buku téks pangajaran bahasa nyaéta kurangna bahan anu bisa ngundakeun kamampuh komunikasi dina hirup kumbuh sapopoé atawa leuwih museur kana tiori (McConachy, 2018 kc. 88). Padahal saéstuna mah buku téks pangajaran bahasa téh kudu leuwih neueulkeun kana kamampuh komunikasi luyu jeung masarakatna (Risager, 2020 kc. 1). Ari perkara unggulna buku téks, boh buku téks pangajaran bahasa boh buku téks pangajaran séjénna nyaéta bisa mangaruh kana prakték pédagogis (cara ngajar) guru dina nepikeun sakur matéri nu aya dina éta buku (Makgato & Ramaligela, 2012 kc. 32).

Nilik kana kalungguhan jeung gedéna pangaruh buku téks dina prosés pangajaran, tangtu dina milih buku téks téh teu sagawayah. Saméméh nangtukeun buku mana nu rék dipaké dina proses KBM hadéna ngaliwatan prosés nalaah jeung nimbang-nimbang heula naon unggul jeung héngkérna buku téks nu bakal dipaké, hususna dina eusi matéri nu aya dina hiji buku téks (Huda & Pratiwi, 2020 kc. 8).

Nepi ka kiwari can aya buku téks nu dianggap sampurna, tapi sahenteuna buku anu dipilih téh kudu leuwih loba unggulna batan héngkérna. Fazrini kungsi méré sawangan yén buku téks nu hadé téh nyaéta anu luyu jeung katangtuan kurikulum nu keur digunakeun. Ku kituna, kualitas eusi buku nu ditepikeun kudu luyu jeung pameredih kurikulum nu keur dipaké (Fazrini, 2015 kc 127). Saterusna Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP) méré pagu yén buku téks nu hadé kudu nyumponan opat unsur, nyaeta (1) kalayakan eusi, (2) penyajian, (3) tatabasa, jeung

(4) grafik. Aspek kelayakan eusi ngawengku (1) relevansi eusi jeung KIKD (2) akurasi matéri, jeung (3) matéri panglengkep nu ngarojong pangajaran (Muslich, 2010 kc 291-292).

Rélevansi eusi jeung KIKD dina buku téks ngawengku sababaraha instrumén, di antarana (a) kalengkepan matéri atawa rélevansi poko bahasan, sakabéh matéri nu aya dina buku téks téh minimal bisa ngarojong kana kahontalna KIKD dina kurikulum; (b) pidangan matéri ngaweungku runtusan eusi, sajian konsep, prinsip, fakta, jeung prosedur nu aya dina buku téks ngadadarkeun sarta luyu jeung KIKD; (c) ambahan eusi, pedaran matéri kudu luyu jeung ranah kognitif, aféktif, jeung psikomotorik dumasar KIKD (Alawiyah, 2020 kc 3).

Buku téks pangajaran basa Sunda anu disusun ogé idéalna mah kudu nyumponan kritéria buku téks anu hadé sangkan kualitas jeung udagan pangajaran bisa kahontal. Lian ti éta, ku ayana buku téks basa Sunda dipiharep bisa ngundakkeun kamampuh murid dina ngagunakeun basa Sunda dina hirup kumbuh sapopoé, ngaronjatkeun kamampuh pangaweruh jeung kaparigelan murid.

Sacara gurat badagna buku téks dibagi jadi dua rupa nyaéta buku téks wajib atawa utama jeung buku téks penunjang atawa panglengkep (Haerudin, 2019 kc 21). Buku téks wajib mangrupa buku téks pangajaran anu diterbitkeun ku Departemen Pemendidikan Nasional (pamaréntah) kalayan disusun ku tim ahli sarta nyumponan sarat-sarat kelayakan. Ari buku téks penunjang mangrupa buku téks nu diterbitkeun ku pamedal swasta tur panulisna ogé bisa tim atawa mandiri luyu jeung pangalaman dina widangna (Wardani, 2018 kc 76). Boh buku téks utama boh panglengkep, duanana disusun ku nu ahlina pikeun tujuan pangajaran.

Kadieunakeun kondisi buku téks basa Sunda anu maké kurikulum 2013 revisi 2017 téh kapaluruh kurang leuwih aya 5 judul buku di jenjang SD jeung 4 judul buku masing-masing di jenjang SMP jeung SMA. Éta buku téks basa Sunda anu aya jeung sumebar di sakola-sakola (ti jenjang SD-SMA), sakabéhna mangrupa buku panglengkep anu diterbitkeun ku lembaga non pamaréntah. Ari buku téks basa Sunda nu kagolong kana buku utama mah teu kapaluruh pisan. Buku utama nu kungsi diterbitkeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat nyaéta buku *Pamekar Diajar Basa Sunda* - kurikulum 2013 - dina taun 2015 tur geus teu digunakeun deui. Balukarna kiwari para guru ukur ngagunakeun buku panglengkep wungkul.

Teu nyampakna buku téks basa Sunda wajib nu dikaluarkeun ku pamaréntah téh mangrupa hiji pasualan. Pangna kitu téh lantaran guru kudu milih jeung nangtukeun sorangan buku téks nu rék dipaké dina proses pangajaran (Andriany, 2016 kc 3). Guru kudu imeut jeung telik dina milih buku ajar sangkan udagan pangajaran bisa kahontal. Hal anu matak pikamelangeun téh lamun buku anu dipilihna téh teu pati nyumponan kana kritéria jeung katangtuan, tangtu bisa mangaruhan kana kamampuh jeung préstasi diajar murid (Firdaus et al., 2014 kc 2). Nu matak kitu guru diperedih sangkan pinter dina nangtukeun buku téks nu rék dipaké dina prosés pangajaran (Haerudin et al., 2019 kc 340).

Pasualan séjén nu kapanggih tina buku téks téh nyaéta kateusaluyuan antara tungtutan kurikulum (KKO dina KD jeung IPK) jeung rambu-rambu pangajaran (paréntah kagiatan). Salah sahiji contona, panalungtik milih buku téks basa Sunda anu dipaké di jenjang sakola dasar nyaéta buku téks *Panganteur Basa Sunda* (saterusna PBS) pikeun murid kelas VI SD. Ieu buku téh ditulis ku para guru nu ngajar di SD tur medal dina taun 2020. Tina buku téks PBS kapanggih sababaraha kateusaluyuan rambu-rambu pangajaran jeung kurikulum. Upamana dina unit 3 kaca 57 aya indikator 3.3.4 nyieun kalimat pagawéan. Ari rambu-rambu pangajaran anu muncul nyaéta contoh nangtukeun mana nu kaasup kana kalimah pagawéan.

Dumasar kana sababaraha pasualan di luhur, prosés ngajén buku téks téh pohara pentingna pikeun ngaronjatkeun kualitas buku téks nu diparaké ku para guru. Pusat Kurikulum dan Perbukuan (Puskurbuk) gawé bareng jeung Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP) dina ngajén kualitas buku téks ku cara ngaluarkeun kritéria nu geus ditetepkeun ku BSNP (Mappiara spk., 2020 kc 3). Salah sahiji standar kalayakan buku téks téh nyaéta kalayakan eusi nu medar rélevansi buku téks jeung kurikulum. Kurikulum jadi acuan utama dina nyusun buku téks, sarta buku téks mangrupa pedaran leuwih jembar tina kurikulum nu disusun kalawan sistematis (Sitepu, 2015 kc 66).

Prosés ngajén buku téks lian ti dilakukeun ku BSNP, loba ogé dilakukeun ku para panalungtik sacara mandiri. Hasil panalungtikanana aya nu dina wangun skripsi, tesis tur Jurnal. Kitu ogé panalungtikan ngeunaan buku téks pangajaran basa Sunda. Dina kurun waktu 2 dékadeu katukang, kapaluruh aya tujuh panalungtikan ngeunaan buku téks basa Sunda dina wangun skripsi tur tilu dina wangun tesis.

Panalungtikan anu panganyarna dina wangun skripsi nyaéta nu dilakukeun ku Hana Rabiatul Alawiyah dina taun 2020 ngeunaan *Rélevansi Eusi Buku Téks Basa Sunda Jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017 (Kajian Évaluatif Kana Buku Rancagé Diajar Basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA/MAK)*. Ari dina wangun tésis mah panalungtikan nu panganyarna téh dilakukeun ku Novi Rosmala Dewi taun 2017 ngeunaan *Bahan Ajar Nyarita dina Buku Téks Pamekar Diajar Basa Sunda Tingkat SD-SMA: Ulikan Struktur, Konsép, jeung Prosédur*.

Tina dua panalungtikan nu geus dilakukeun saméméhna, teu sakabéh medar perkara eusi buku téks sacara gembleng. Upamana waé panalungtikan nu dilakukeun ku Hana ukur medar aspék kelayakan eusi matéri wungkul. Sedengkeun évaluasina tacan dipedar. Samalah dina wangun tésis mah can kapaluruh ayana panalungtikan anu medar eusi matéri dina buku téks katut rélèvansina jeung kurikulum nu keur dipaké nyaéta kurikulum 2013 révisi 2017 sacara gembleng.

Hal anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung anu geus dilakukeun samémehnya nyaéta dina ulikan katut sumber datana. Ditilik tina ulikanana, ieu panalungtikan téh lian ti nalungtik perkara kelayakan eusina anu ngawengku rélèvansi eusi materi jeung KIKD, pidangan, katut ambahan eusi ogé baris dianalisis ogé kumaha kasaluyuan soal-soal évaluasina boh dina wangun pancén boh dina wangun soal téls/latihan. Dina sumber datana, ieu panalungtikan téh nyokot salah sahiji buku ajar nu digunakeun di jenjang Sakola Dasar (SD) anu can kungsi kapaluruh dina panalungtikan saméméhna boh dina skripsi boh dina tésis. Katambah sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh mangrupa buku anyar wedalan taun 2020 anu judulna *Panganteur Basa Sunda* (PBS) tur disusun ku para guru SD.

Cindekna, ku ayana rupa-rupa pasualan ngeunaan buku téks nu geus ditataan saméméhna sarta ngimeutan kurangna tingkat penilaian jeung panalungtikan buku téks utamana di jenjang SD, mangka perlu pisan ayana panalungtikan ngeunaan buku téks utamana di jengjang SD. Ku kituna panalungtikan ngeunaan *kualitas buku téks panganteur basa Sunda dumasar kana kurikulum tingkat daerah muatan lokal 2013 revisi 2017 (tilikan évaluatif kana buku téks basa Sunda kelas luhur tingkat sakola dasar)* perlu dilakukeun kalayan harepan bisa méré pedaran nu teleb kana kualitas buku téks, hususna anu digunakeun di jenjang sakola dasar.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Hal mimiti anu dipedar saméméh nangtukeun rumusan masalah téh nyaéta ngaidéntifikasi jeung méré watesan masalah. Dumasar kasang tukang di luhur, pasualan anu kapanggih dina buku téks téh di antarana pasualan di luar eusi (konten) buku téks jeung pasualan eusi buku téks. Pasualan di luar kontén ngawengku tayana buku téks basa Sunda nu dikaluarkeun ku pamaréntah minangka buku utama tur réana buku nu dikarang ku para praktisi guru nu kudu teu sakabéhna ngaliwatan prosés penilaian ku BSNP atawa ku dinas pendidikan. Ari pasualan nu patali jeung konten buku téks ngawengku (1) *kelayakan eusi*, (2) *penyajian*, (3) *bahasa*, jeung (4) *grafik* dina buku téks.

Komponén penilaian buku téks nu dikaluarkeun ku BSNP tangtu jadi patokan dina prosés meunteun buku téks. Ari kagiatan meunteun buku téks ilaharna dilakukeun ku tim nu ahli nu ditunjuk ku Puskurbuk. Béda deui halna jeung ieu panalungtikan nu dilakukeun ku individu tur udaganana lain pikeun meunteun eusi buku sacara gembleng. Ku kituna dina ieu panalungtikan masalah anu baris diguar diwatesanan ukur dina aspék kelayakan eusi buku wungkul. Ari aspék *bahasa*, *penyajian* jeung *kegrafikan*, perlu diguar dina panalungtikan anu husus. Ieu hal diluyukeun jeung katangtuan ti BSNP anu diwewegan ku tiori Muslich. Muslich dina bukuna *Text Book Writing* ngabagi aspék kalayakan eusi buku téks jadi sababaraha indikator utama di antarana kasaluyuan matéri jeung kurikulum anu kabagi jadi kalengkepan matéri (rélevansi pokok bahasan), pidangan matéri, tur ambahan matéri sarta kaakuratan matéri anu salah sahijina aya indikator kaakuratan soal latihan atawa alat évaluasi.

Dina rélevansi pokok bahasan, hal anu dipedar diwatesanan nyaéta ngeunaan rélevansi matéri pokok jeung téma, kompenténsi dasar katut indikator pangajaran. Ari kompeténsi inti, henteu diukur lantaran sifatna gumulung jeung dijabarkeun ngaliwatan kompetensi dasar. Dina pidangan matéri, hal anu dipedar patali jeung lengkep-henteuna matéri faktual, konsép, prinsip jeung prosedur nu aya dina kompetensi dasar pangaweruh jeung kaparigelan. Dina aspék ambahan eusi matéri dipedar ngeunaan lega-jerona matéri nu patali jeung aspék kognitif katur psikomotor wungkul, sedengkeun matéri aspék aféktif mah henteu dianalisis lantaran diajarkeunana sacara teu langsung (*indirect teaching*). Dina hal akurasi alat

évaluasi, hal anu dipedar ngawengku luyu henteuna antara alat évaluasi jeung indikator pangajaran katut rambu-rambu pangajaran. Ari undakan HOTS-henteuna soal mah teu diukur lantaran mikabutuh panalungtikan husus pikeun ngukur kualitas soal. Sakumna hal anu bakal dipedar jeung dijadikeun rumusan masalah tina ieu panalungtikan, tangtu dipatalikeun jeung bahan ajar tématik lantaran objékna nu rék ditalungtikna mangrupa buku téks pelajaran di jenjang sakola dasar.

Nilik kana idéntifikasi jeung watesan masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh diébréhkeun ngaliwatan kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha rélèvansi poko bahasan dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur jeung kompetensi dasar dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017?
- 2) Kumaha pidangan matéri dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur?
- 3) Kumaha ambahan matéri dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur?
- 4) Kumaha kasaluyuan alat évaluasi nu aya dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur dumasar indikator dina kompetensi dasar basa Sunda Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung indentifikasi masalah dina ieu panalungtikan, mangka tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta minangka tarékah pikeun mikanyaho kualitas buku téks buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur (kelas IV, V, jeung VI) utamana tina segi kasaluyuan eusi materi jeung kurikulum. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré gambaran kualitas buku nu rék dipaké dina kagiatan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis, medar katut ngadéskripsikeun

- 1) kalengkepan matéri atawa tingkat rélèvansi poko bahasan dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur jeung kompetensi dasar dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017;
- 2) pidangan matéri dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur;

- 3) ambahan matéri dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur; jeung
- 4) alat évaluasi nu aya dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas luhur dumasar kana kompetensi dasar dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017 tur indikator nu ditetepkeun dina buku.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngajembaran sakur tiori-tiori buku téks. Dilarapkeunana tiori-tiori ngeunaan cara nyusun jeung cara nganalisis eusi buku téks tangtu bakal mangaruhan kana undakna kualitas buku téks. Sacara teu langsung éta tiori téh bakal tuluy dimekarkeun jeung dijieu palanggeran dina nangtukeun rélevansi eusi buku téks jeung KIKD Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017. Pamustunganana tangtu bakal jadi dadasar guru dina hal milih buku téks nu luyu jeung kurikulum nu aya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan téh miboga sababaraha mangpaat praktis pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung buku téks pangajaran, di antarana pikeun guru salaku nu ngagunakeun buku téks dina kagiatan pangajaran, pikeun panyusun buku, keur pamedal buku, pikeun nu nalungtik, sarta pikeun lembaga.

1) Mangpaat praktis pikeun guru

Guru mangrupa panangtu dina milih buku teks mana nu rék digunakeun. Ku ayana ieu hasil panalungtikan téh bisa méré informasi ngeunaan kasaluyuan eusi buku téks basa Sunda nu dianalisis sarta dipiharep bisa méré informasi tur tinimbangan dina nangtukeun buku téks nu rék dipaké dina prosés KBM.

2) Mangpaat praktis pikeun nu nyusun buku

Ku ayana kajian ngeunaan buku téks téh tangtu waé aya mangpaatna pikeun nu nyusun bukuna. Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan évaluasi ku panyusun saupamana kapaluruh aya kakurangan dina buku téks nu disusunna sarta bisa diropéa deui sangkan leuwih hadé kahareupna.

3) Mangpaat praktis pikeun Pamedal

Pihak pamedal miboga peran penting ogé dina ngahirup-huripkeun buku téks basa Sunda. Beuki loba buku anu diterbitkeun tangtu bakal nyumponan pangabutuh

buku téks dina prosés diajar. Ieu panalungtikan téh dipiharep ogé bisa dijadikeun bahan sangkan dina narima naskah nu rék dicetak jadi buku téks, éta naskah téh kudu ngaliwatan prosés ngajén ogé ti pihak pamédalna boh ku penelaah boh ku éditorna. Upama prosés ngajén geus dilaksanakeun dumasar kana paguna, tangtu pamédal ogé bakal nerbitkeun buku-buku nu luyu jeung kurikulum nu keur dipaké.

4) Mangpaat praktis pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikaweruh leuwih teleb deui perkara buku téks pangajaran basa Sunda boh dina cara méré pangajén kana eusina boh cara nyusun buku téks anu luyu jeung standar BSNP. Lian ti éta ogé, ku ayana pangalaman nalungtik buku téks, panalungtik jadi boga karep anu gedé pikeun ngararancang buku téks anu luyu jeung standar BSNP. Pamungkas, mangpaat anu utama tur langsung karasa ku panalungtik mah nyaéta ku ayana ieu panalungtikan téh panalungtik bisa nyangking gelar magister.

5) Mangpaat praktis pikeun Lembaga

Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan payung anu dilaksanakeun alpukahna rukun gawé jeung dosén hususna nu dilakukeun ku kersana Dr. Dingding Haerudin, M.Pd. Ku kituna dipiharep bisa ngundakkeun indeks panalungtikan payung prodi Pendidikan Bahasa jeung Budaya Sunda.

1.5 Struktur Organisasi Tésis

Struktur organisasi penulisan dina ieu tésis ngawengku lima bagian/bab. Bagian kahiji bubuka, bagian kadua pedaran tiori (ulikan pustaka), bagian katilu metode panalungtikan, bagian kaopat hasil analisis tur pedaran, tur bab kalima kacindekan.

BAB I Bubuka. Ieu bab téh ngajéntrékeun hal-hal anu ngawengku: kasang tukang masalah anu ditalungtik, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan khusus, sarta mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Bagian pamungkas dina ieu bab nyaéta struktur organisasi tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka. Dina ieu bab didéskripsikeun sajumlahing tiori ngeunaan buku teks anu ngawengku hakékat buku téks, penilaian buku téks, kurikulum daerah muatan lokal basa Sunda, sarta pangajaran tématik di jenjang SD.

BAB III Métodologi Panalungtikan. Ieu bab téh medar ngeunaan desain panalungtikan (pamarekan, metode, jeung skema panalungtikan), sumber data panalungtikan anu dikumpulkeun dina wangun kartu luyu jeung instrumén penilaian buku téks, sarta téhnik ngolah data ditarung ku léngkah-léngkahna.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Ieu bab medar timuan-timuan hasil analisis data sacara gembleng anu ngawengku analisis kasaluyuan materi, pidangan materi, ambahan eusi materi tur wangun évaluasi nu aya dina buku teks. Bagian pamungkas dina bab 4 téh nyaéta pedaran eusi panalungtikan.

BAB V Kacindekan, Implikasi jeung Saran. Ieu bab medar kacindekan atawa hal-halna inti anu dianggap jadi timuan tina ieu panalungtikan. Lian ti éta ogé dina bagian kalima baris dipedar perkara katut saran-saran pikeun panalungtikan utamana implikasi atawa pangaruh nu patali jeung buku téks boh dina prosés nyusun boh dina nganalisis buku teks.